



**wi**

## Di **wi** pou tès VIH la.

- Selon lalwa, pwofesyonèl swen sante yo dwe ofri tout pasyan ki gen ant laj 13 zan a 64 an, yon tès VIH.
- Desizyon pou pran tès la volontè lèfini tout rezilta tès VIH yo ap konfidansyèl (prive).
- Tès VIH la anonim (san ke ou pa bay non w) disponib nan sèten lokal piblik ki fè tès la.
- Ou ka retire konsantman ou nenpòt lè – swa vèbalman oswa alekri.
- Li ilegal pou yo diskrimine kont kèlkeswa moun nan poutèt li enfekte ak VIH la.
- Si rezilta tès ou a pozitif, ou ka jwenn tretman pou VIH/SIDA pou ede w rete ansante ak viv pi lontan.
- VIH, viris ki bay SIDA a, ka pwopaje nan fè sèks san pwoteksyon, nan pataje zegwi, nan akouche tibebe oswa nan bay tibebe tete.
- Moun k ap viv ak VIH/SIDA ka itilize metòd san danje pou pwoteje lèzòt defason pou yomenm tou yo pa vin enfekte.

**N ap mande tout moun.**  
**Se lalwa ki egzije sa.**

[health.ny.gov/aids](https://health.ny.gov/aids)  
[nyc.gov](https://nyc.gov) (Chèche « hiv testing »)